



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON GREEN CHIPS LA POU KREYE DJÒB
EPI DIMINYEEMISYON YO LÈ LI RANFÒSE FABRIKASYON SEMIKONDIKTÈ NAN
NEW YORK**

*Premye lejislasyon nan peyi a ki ofri asistans finansye kòm echanj pou nouvo
djòb, investisman kapital, ak diminisyon emisyon gaz efè sèr*

*Konpayi yo dwe livre benefis ki tanjib, ki enkli salè anvigè, fòmasyon mendèv, ak
pwogram ki ogmante opòtinite pou popilasyon ki defavorize yo*

*Prepare New York pou pwofite de gwo opòtinite ekonomik CHIPS Federal la kreye
yo ak Pwojè Lwa sou Lasyans ki ratifye nan Lwa a pa Prezidan Bidjen semèn sa*

Gouvènè Hochul te siyen jodi a inogirasyon, premye lejislasyon Green CHIPS (S.9467/A.10507) nan peyi a ki vize kreye djòb, lanse kwasans ekonomik epi konsève pwoteksyon anviwònmantal ki enpòtan pandan l ap fè New York yon sant pou fabrikasyon semikondiktè (ke yo rele "chips" tou). Green CHIPS la ap ede New York kapitalize sou yon opòtinite istorik pou atire fabrikan nan eta a, jenere omwen 3 milya dola investisman, kreye 500 nouvo djòb pa pwojè, epi diminye emisyon gaz efè sèr pou pwodiksyon chip. Lè li fè sa, lejislasyon an ap ede fè teknoloji kotidyen ki itilize chips sa yo pi abòdab tou, epi amelyore sitiyaasyon ekonomik jeneral eta a.

Nouvo lwa sa pozisyone Eta New York tou pou benefisye anpil de Lwa CHIPS ak Lwa sou Syans lan pou ogmante fabrikasyon semikondiktè nasyonal nan Etazini, ki te ratifye an lwa pa Prezidan Joseph R. Biden nan kòmansman semèn sa. Pwojè lwa Green CHIPS Eta a pou konfòme ak egzijans pwogram federal la, pou ranfòse konpetitivite li pa rapò ak lòt eta k ap chèche atire fabrikasyon chip yo, tout sa pandan l ap asire ekspansyon fabrikasyon avanse a dirab sou plan anviwònmantal.

"New York pare pou dirije peyi a nan fabrikasyon semikondiktè — epi kòm toujou, n ap fè sa nan fason ki pi pwòp, pi ekolojik posib," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon ki pote transfòmasyon sa, anplis investisman depi lontan nan sektè sa ak aksyon bipati ki soti nan gouvènman federal la, franchi yon etap enpòtan pou kreye djòb epi estime kwasans ekonomik nan New York. Si w ap chèche yon djòb nan wot teknoloji oswa w ap eseye relokalize biznis ou, pa gen pi bon kote pase Eta New York."

Pwoblèm chèn apwovizyonman yo ak yon diminisyon nan pòsyon pwodiksyon chip mondyal Etazini an ap lakoz difikilte ki depase nan chak aspè nan ekonomi an epi ap mete peyi nou an nan yon dezavantaj estratejik nan plizyè domèn enpòtan, ki enkli sekirite nasyonal, inovasyon teknolojik, ak kwasans ak endepandans ekonomik.

Green CHIPS la amande pwogram Kredi Enpo Excelsior yo t ap tann depi lontan, ki peye sou rannman an, ki bay rekonpans ki baze sou kreyasyon djòb ak investisman konpayi an pou atire pi bon etablisman fabrikasyon semikondiktè lè li ajoute yon nouvo kategori Green CHIPS nan pwogram lan. Pwojè Green CHIPS la dwe nan sektè semikondiktè a epi li dwe abouti sou omwen 15 dola investisman prive pou chak 1 dola investisman eta a. Pou asire transparans ak responsablite, tout pwojè Green CHIPS yo ap site sou [Baz Done Rekonpans Ekonomik Eta New York yo](#), ansanm ak nan rapò Pwogram Kredi Enpo Excelsior pa Trimès yo.

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Si nou vle transfòme rejyon nò New York la, nou bezwen djòb pou atire epi konsève pwochè jenerasyon talan mendèv la. Pwojè Green CHIPS yo ap transfòme ekonomi atravè koridò thruway la lè yo pote djòb dekalite, ki byen peye nan kominote yo k ap chèche investisman mendèv. Lè nou eksplwate lajan federal yo, lejislasyon eta nou an ap pozisyone New York pou l yon lidè mondyal nan domèn fabrikasyon semikondiktè k ap devlope a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak reprezantan federal nou yo pou lidèchip yo epi mwen pa ka tann pou nouvo opòtinite travay k ap vini nan Eta New York."

Manm Asanble Albert A. Stirpe Jr. te deklare, "Prijorite mwen se kreye yon pi bon avni ekonomik pou eta nou an, ki kòmanse ak lejislasyon sipò ki ogmante opòtinite travay yo epi sipòte sektè ki pi frappe pa pandemi yo ak rate chèn apwovizyonman ki ankou yo. Dènye semèn sesyon l yo te travay san rete pou asire ke pwojè lwa Green CHIPS la te bay rekonpans finansye ki benefisye fanmi ak biznis lokal yo ansanm ak fabrikasyon semikondiktè yo. Avèk sit ki pare pou demare tankou White Pine isit la nan New York Santral, lejislasyon sa t ap yon investisman nan devlopman kominote nou an epi ede rann rejyon nou an ak eta a yon lidè nan fabrikasyon semikondiktè."

Green CHIPS la asire:

- Omwen 500 nouvo djòb ak omwen 3 milya dola nan investisman ki kalifye sou yon peryòd 10 an. Apre sa, pwojè ki anrèg yo ka antre mam yon dezyèm peryòd 10 an ak omwen 500 plis nouvo djòb ak 3 milya dola investisman ki kalifye anplis premye faz la.
- Yon plan enèji pwòp ki apwouve ki diminye risk emisyon GHG ak lòt enpak anviwònmantral pwojè yo.
- Investisman ki enpòtan nan mendèv ak devlopman kominote, ki enkli benefis ak pwogram fòmasyon ak edikasyon pou ogmante opòtinite travay pou moun ki defavorize sou plan ekonomik yo.
- Salè ki anvigè pou konstriksyon pwojè a.
- Yo dwe reponn ak etap kreyasyon travay ak etap enpòtan investisman yo anvan yo reklame kredi enpo yo, dapre modèl Pwogram Kredi Enpo Excelsior a ki peye sou pèfòmans.

Depi nan kòmansman administrasyon li a, Gouvènè Hochul te mete aksan sou enpòtans pou asire wòl Eta New York nan devlope yon ekosistèm solid nan manifakti avanse, epi nan kad bidjè Eta a ane sa, Eta New York ap mete disponib jiska 200 milyon dola pou pwogram Atraksyon Sible ak Teren ki Pare pou Travay nan New York. FAST NY fèt pou relanse preparasyon New York pou atire manifakti teknoloji avanse, sitou fabrikasyon semi-kondiktè yo, nan eta a.

Anplis de sa, Gouvènèa deja angaje plis pase 350 milyon dola atravè Bidjè Eta pou sipòte yon gwo investisman istorik ak kowòdone nan devlopman mendèv atravè ajans ak otorite eta yo. Biwo pou Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) Eta New York la nan Empire State Development (ESD) ap eksplwate relasyon ESD ak anplwayè yo pou ede idantifye bezwen anplwayè yo, devlope estrateji fòmasyon rejyonal ki adapte, ak pwogram sipò pou fòme Nouyòkè yo nan konpetans ki nesèsè pou yo reyisi nan domèn ki gen demann yo, tankou fabrikasyon semi-kondiktè ak manifakti avanse.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, "New York genyen tout engredyan pou l potomitan pou fabrikasyon semikondiktè ak Rechèch ak Devlopman nan Amerik la, epi konbinezon nouvo motivasyon federal pou fabrikasyon nouvo mikwochip yo ak nouvo pwogram Green CHIPS Eta a ap yon dekabès pou bezwen rejyon nò New York pou dekwoche gwo investisman epi kreye plizyè milye djòb byen peye nan yon sektè k ap domine syèk sa. Pou rezime — sa se Kanal Erie 21yèm syèk la! Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou aksyon odasye, desizif li pou asire ke avni Amerik la konstui pa men New York yo ak pou patenarya li nan konba pou fè Empire State la kapital mondyal pou fabrikasyon mikwochip."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen kontan anpil pou selebre ratifikasyon lejislasyon istorik Green CHIPS New York la jodi a. Motivasyon jiska 10 milya dola pou fabrikasyon semikondiktè ki respekte anviwònman isit la nan eta nou an ap konbine ak Lwa CHIPS federal ak Lwa sou Syans lan pou bay yon gwo ranfò nan sektè fabrikasyon chip k ap emèje nan Rejyon Kapital nou an. Investisman tankou sa yo ap ede diminye depans pou fanmi Ameriken yo, ranfòse chèn apwovizyonman nasyonal nou an, kreye djòb ki byen peye, epi ede konstui mendèv STEM k ap devlope nou an. Mwen fyè pou nan tèt efò sa yo nan Lachanm lan k ap bay rezilta pou kominote nou yo epi asire ke eta nou an se yon lidè mondyal nan fabrikasyon chip, epi mwen pa ka tann pou kontinye travay bò kote Gouvènè Hochul pou atire investisman ak inovasyon nan sektè k ap devlope rapid sa."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Green CHIPS ap ede atire djòb 21yèm syèk yo ak investisman ki tèlman nesèsè nan rejyon eta yo ki te soufri de pèt izin tradisyonèl yo. Lejislasyon istorik ak inovan sa ap asire ke Eta New York pa sèlman atire yon sektè ki krisyal pou ekonomik nou an, men pote tou konpayi ki vle vin fè pati tisi kominote nou yo epi pwospere pou fè yon diferans."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Semikondiktè yo jwe yon wòl nan tranzisyon vè enèji vèt New York la lè yo sèvi kòm eleman prensipal pou teknoloji pwòp epi amelyore efisyans resous ki egziste yo. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, premye lejislasyon sa nan peyi a ap asire ke sektè fabrikasyon sa fè fwaye li isit la nan New York pandan l ap sèvi kòm yon egzanp pou fason pwojè pwodiksyon chip ekolojik yo ka ede diminye emisyon yo, fè pwomosyon dirabilite, epi favorize kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik atravè eta a."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Vizyon ekonomik Gouvènè Hochul pote investisman ki enpòtan ak opòtinite san presedan pou Eta New York. Finansman sa ap favorize kwasans nan sektè fabrikasyon avanse nou an, sipòte efò dirabilite Eta a epi kapasite Nouyòkè yo pou jwenn fòmasyon yo bezwen an pou ganye salè ki ka soutni fanmi yo nan karyè ke y ap renmen."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) te gen anpil fyète depi lontan ke li sèbi kòm kolòn vètebral devlopman ekonomik pou Eta New York, ki eksplwate idwo enèji ki bon mache eta a pou kwasans djòb ak investisman kapital. Nouvo lejislasyon Green CHIPS Gouvènè a amelyore kapasite Otorite Enèji a pou atire biznis ki inovan nan New York pou ke ansanm nou ka konstui yon ekonomi enèji pwòp k ap pwospere, ki rezistan."

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "SUNY rete pare pou kontinye edike epi fòme lidè, chèchè, ak fabrikan sektè semikondiktè demen yo. Ak sipò solid eta ak federal la atravè lejislasyon Green CHIPS NY la ak Lwa CHIPS ak Lwa sou Syans ki fèk siyen an, nou kontan anpil pou fè pati peyizaj fabrikasyon chip k ap devlope a nan Eta New York. Konplèks Nanoteknoloji Albany an te reyini ansanm patenarya piblik ak prive, epi atravè investisman enpòtan Eta New York li gen yon etablisman modèn pou kapte kolaboratè kle nan edikasyon siperyè ak biznis. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman kontini li pa sèlman anvè SUNY ak edikasyon siperyè a, men anvè yon avni dirab pou tout Nouyòkè."

Prezidan NY CREATES la, David Anderson, te deklare, "Lejislasyon Green Chips la se yon investisman istorik nan avni nou epi li rann li klè pou rès peyi a ke New York pare pou dirije reparisyon semikondiktè Amerik la. Ak Konplèks Nanoteknoloji Albani an isit la epi k ap devlope, yon ekosistèm endistri k ap pwospere, ak rekonpans komèsyal estratejik, New York nan premye pozisyon pou atire investisman prive ak nouvo djòb. Nou felisite Gouvènè Hochul, Senatè Cooney ak Manm Asanble Stirpe pou vizyon ak angajman yo pou jenere nouvo opòtinite ekonomik pou Nouyòkè yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Konsèy Komèsyal Eta New York (Business Council of New York State) Heather Briccetti Mulligan te deklare, "Pandemi an te pwouve nan ki pwen sektè semikondiktè a vital pou ekonomi nou an ak nan ki pwen li enpòtan pou Etazini mwens depandan de lòt peyi yo pou pwodiksyon. Sa se yon ranfò ke nou

akeyi pou konstui sektè solid sa nan Eta New York epi mwen bat vravo pou Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou adopsyon pwogram motè sa nan peyi a."

Direktè Egzekitif Konsèy Devlopman Ekonomik Eta New York (New York State Economic Development Council) Ryan Silva te deklare, "Sa se yon jounen istorik pou New York ak Etazini. Lwa Green CHIPS la se pwogram investisman ki pi agresif nan Etazini. Green CHIPS la ap akselere kwasans sektè semikondiktè a ak chèn apwovizyonman an nan New York, atire plizyè milya dola nan nouvo investisman epi kreye djòb ki byen peye ak opòtinite ekonomik pou jenerasyon Nouyòkè yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul, Senatè Cooney ak Manm Asanble Stirpe pou investisman odasye yo nan avni kolektif nou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif GlobalFoundries Doktè Thomas Caulfield te deklare, "Yon nouvo chapit nan fabrikasyon chip Ameriken an ap demare, epi sektè semikondiktè Ameriken an pi byen pozisyone ke jamè anvan pou fè konpetisyon sou plan mondyal. Lwa CHIPS ak Lwa sou Syans istorik la, ke Lejislasyon vizyonè Green CHIPS Gouvènè Hochul la te ranfòse, ap katalize yon vag fabrikasyon semikondiktè ak inovasyon atravè Eta New York ak peyi a. GlobalFoundries remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi rete pare pou fè aksyon epi livre pwomès li nan moman enkwayab sa pou fabrikan chip Etazini yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418